# ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ АРҚА РАЙОНЛАРЫ ЭТНОГИДРОНИМЛЕРИ

**Г.Ж.Мамбетова** - *10.00.03-қарақалпақ тили қәнигелигиниң таяныш докторанты*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** гидроним, этноним, этногидроним, Қорақалпоғистоннинг шимолий туманлари, семантика, сув объекти.

**Ключевые слова:** гидроним, этноним, этногидроним, северные районы Каракалпакистана, семантика, водные объекты.

**Key words:** hydronym, ethnonym, ethnohydronym, Northern regions of Karakalpakstan, semantics, water objects

Қарақалпақстанның арқа районлары топонимикалық системасында этногидронимлер де белгили бөлегин қурайды. Этногидронимлер – бул ҳәр қандай халықтың, миллеттиң, руў, қәўим, тийре атамалары негизинде дүзилген суў объектлериниң атамалары. Этногидронимлердиң қойылыўы сол жерде жасап атырған халықтың тарийхы, қонысласыўы, қандай этникалық топарлардың бир – бири менен қоңсылас жасаўы, жағдайлары менен де байланыслы. Сонлықтан да этногидронимлердиң қойылыўы, тилимизде кең өристе пайдаланыўы узақ дәўирлерди өз ишине алады ҳәм ески тил бирликлеринен деп есаплаўға болады.

Этногидронимлер сол суў объектиниң қандай да этникалық топарға тийислилигин ямаса оларға белгили дәрежеде қатнасы бар екенлигин де билдиреди.

Түркий тил билиминде этногидронимлер мәселеси бир қатар илимий мийнетлерде сөз етилген. Татар тил билиминде Ф.Г.Гарипова «келип шығыўы этнонимлерден болған гидронимлер деп қарастырады ҳәм суў объектлериниң этнонимлерге қатнасы ҳәр түрли жағдайларға байланыслы болып, бул татар халқының басқа халықлар менен тарийхый байланысларын да көрсетеди» [1] деп атап өтеди.

Ал Р.Р.Гатауллин болса татар тилинде гидронимлерди лексика – семантикалық жақтан 6 топарға бөлип қарастырады. Суў объектиниң физика-географиялық өзгешелигине, фитонимлерге, зоонимлерге, антропонимлерге, этнонимлерден болған гидронимлер ҳәм космонимлерден болған гидронимлер деп бөлип, Мишәркөл, Типтәркөл атамларында көл индикаторы менен бириккен бирликлерди татарлардың этникалық топарларының атамасы деп белгилеп көрсетеди [2]. Ал қазақ тил билиминде Е.А.Керимбаев «қазақ тилиндеги меншикли атамаларды қойылыўының этномәдений тийкары усы тилдиң ономастика дүньясында антропонимлер, топонимлер ҳәм этнотопонимлер менен байланыслы» - деп атап көрсетеди [5]. Ал башқурт гидронимлерин изертлеген Р.Я.Халитов болса, башқурт этногидронимлериниң келип шығыўында түркий тиллик (пласт) қатламға тән ҳәм рус, украинлардың этникалық топарына тийисли бирликлердиң ушырасатуғынлығын айтады [4]. Өзбек тил билиминде А.Ж.Отажанова Хорезм этнотопонимлериниң пайда болыўын бир қатар жағдайлар менен байланыстырып, 3 топарға бөлип изертлейди.

1. Гидроним сол объектте жасаған халық я қәўим атамасы тийкарында жүзеге келеди.
2. Миллетлердиң аты тийкарында жүзеге келген гидронимлер.
3. Қандай да этникалық топарға тийисли адамлар турмысында жүз берген тарийхый ўақыя ҳәм ҳәдийсеге байланыслы жүзеге келген гидронимлер [7].

Түркий халықлар белгили руў, қәўимлерден қуралған. Соның ишинде, қарақалпақлар да руў, қәўимлик өзгешеликлерине ийе. Бул ҳаққында илимпаз К.Мамбетов: «Қарақалпақлардың этногенезинде олардың тийкарын қураған алты қәўим: қоңырат, мүйтен, қытай, қыпшақ, кенегес ҳәм маңғыт ерте дәўирлерден-ақ ушырасады» [6]. Демек, Қарақалпақстанның арқа районлары гидронимлериниң атамалары белгили руў, қәўим атамалары менен аталыўы да тийкарсыз емес, яғный оның бир неше себеплери бар. Бириншиден: этногидронимлер сол суў объекти әтирапында жасап атырған халықлардың бурыннан отырықшы екенлигин билдиреди, екиншиден, суў объектиниң қазылыўында, халық мәпине жараўына сол қәўим яки руў ўәкилиниң қатнаслы екенлиги (қазыўы, қазыў ислерине басшылық етиўи т.б.), үшиншиден, сол суў объектине басқа миллеттиң де қатнасын, яғный бул арқалы сол жердеги халықтың да басып өткен тарийхый жолын, тарийхый ўақыяларынан да дерек береди. Миллет қәўимлерге, қәўим руўларға, руў тийре яки көшелерге бөлинеди. Олардың атамалары болса Қарақалпақстанның арқа районларының гидронимлери қурамында ушырасады.

Этнонимлер менен аталған гидронимлер тийкарынан алғанда қарақалпақ руўларының, әсиресе, олардың бир орыннан екинши орынға, малына жайлаў яки өзлерине жақсы қунарлы, топырағы өнимдарлы, суўы мол қоныс жер, мәкан излеп көшиў жағдайлары менен де байланыслы.

1. Қарақалпақстанның арқа районларында қарақалпақ халқының этникалық қурамына кирмейтуғын топардағы этногидронимлер де ушырасады.

Мысалы: *Түрк бөгет* (Тахтакөпир районы). Бул аймақтағы информаторлардың көрсетиўинше, усы бөгет қурылысына миллети басқа болған адамлар қатнасқан (информатор Ү.Сапарниязов). *Арабжап каналы* (Қоңырат районы). Булай аталыўының себеби, бул жерде хожа этникалық топарына тийисли адамлардың болыўы, халықтың оларды арабларға қатнаслы, ислам динин енгизиўшилер деген уғымы менен байланыслы.

2. Қарақалпақстанның арқа районлары аймағында миллет аты менен байланыслы гидронимлер ушырасады. Қарақазақының көпири (Тахтакөпир районы), Кәрис жап (Шымбай районы), Қазақлы қудық (Мойнақ районы), Қазақ көл (Мойнақ районы), Қарақалпақжап каналы (Қоңырат районы), Қазақжап каналы (Қоңырат районы), Түркменжап каналы (Шоманай районы). Әлбетте, гидронимлердиң булай аталыўы ҳәр түрли себеплер менен байланыслы.

Қазақ этноними менен келетуғын гидронимлер Қарақалпақстанның арқа районларында көплеп ушырасады. Мысалы «Қазақдәрья каналы – Бозатаў районынан ағып өтеди. Ол дәслеп Әмиўдәрьяның бир тармағы болып, қазақ миллети атамасы менен байланыслы. Қазақлар канал жағаларында жасап, шарўашылық, балықшылық пенен шуғылланған, сол себепли Қазақдәрья аталған. Бул территорияда дәслеп қазақлар жасаған. Соң бул аймақты суў басқан. Ҳәзир көл аты сақланып қалған» [9] деп көрсетеди Қарақалпақстанның арқа районлары топонимлерин географиялық жақтан изертлеген

илимпаз Қ.Сейтниязов. Бунда қазақ, түркмен миллети атамасы менен келген гидронимлер сол аймақта, яғный Қоңырат, Тахтакөпир районларында қазақ миллети ўәкиллериниң ертеден-ақ отырықшы халық екенлиги, «Қарақалпақжап каналы» гидроними арқалы сол суў объекти жағаларында көплеп қарақалпақ аўылларының жасағанлығы түсиниледи. Ал Шоманай районында түркмен миллети атамасы менен қатнаслы гидронимлерде бул аймақта түркменлердиң жасаўы ҳәм усы районның Түркменстан Республикасы шегарасында жайласқанлығы, суўдың сол республикадан ағып келиўи де уғынылады. Кореец миллети менен аталатуғын суў объектлери Қарақалпақстанның арқа районларында ушырасады. Бул атама аймақта кореец (кәрис) аўылларының бар екенлигин көрсетпейди, ал усы миллеттен бир топар дийқанлар келип аймақта салы еккенлигин, суў объектиң қазыў жумысына қатнасқанлығы менен байланыслы. Халық аўызеки сөйлеў тилиниң бир айрықшалығы, олар атама қойыўда басқалардың дыққатын тез тартатуғын уғымларды есапқа алады. Кореецлер халық пенен бурыннан араласып жасамаған, ал олардың түрли егинлерди егиў менен шуғылланыўы, суўғарыў ислериндеги ҳәрекетлери басқаларда қызығыўшылық, таңланыўшылық сезимлерин усылай оятқан. Сонлықтан оларға қатнаслы жағдайлар менен байланыслы суў объектлерин усылай атаған. Бул ҳаққында А.Отажанова да төмендеги пикирлерди билдиреди: «Мысалы Хорезмдеги «Орысжапты» жергиликли халық рус адам қазып бергени ушын усылай аталды дейди. Бирақ, бундай яғный миллет аты тийкарындағы гидронимлердиң пайда болыўында негативлик өлшеми әмел қылады, яғный кем санлы халықтың аты топонимге айланады» [8].

3. Қарақалпақстанның арқа районларында гидронимлердиң басым көпшилиги қарақалпақ руў атларынан жасалған гидронимлер қурайды. Мысалы: Қыят жап каналы (Қоңырат районы), Ақтоғын жап (Кегейли районы), Қарасыйрақ жап (Кегейли районы, Шымбай районы), Қылқалы жап (Кегейли районы), Кенегес көл (Кегейли районы), Қатаған жап (Кегейли районы), Қырық жап (Кегейли районы), Оймаўыт көл (Кегейли районы), Хожакөл (Кегейли районы, Қараөзек районы), Хожақуйған салма (Кегейли районы), Гүбедек каналы (Қараөзек районы), Кепе жап (Қараөзек районы) ҳәм т.б. Итибарға алатуғын тәрепи, бул руўлар, аўыл – аўыл болып бир суў объектиниң әтирапында қонысланып отырса да, сол суў объекти қайсы аўылдың тусынан ағып өтсе, сол аўылдың аты менен, аўыл халқы қайсы руўдан болса, сол руў аты менен аталып кеткенлигин де көремиз.

Бул келтирилген этногидронимлерден мына нәрсени аңлаў мүмкин, Қарақалпақстанның арқа районларынан Хожели, Қоңырат, Қанлыкөл, Шоманай, Мойнақ районларындағы этногидронимлердиң тийкарғы бөлеги Қоңырат арысына киретуғын руўлар тийкарында қәлиплессе, ал Нөкис районы, Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районларындағы этногидронимлердиң басым көпшилиги қарақалпақлардың кенегес, маңғыт, қытай, қыпшақ қәўимлерине киретуғын руўлар, тийрелери тийкарында қәлиплескен. Ҳәр бир этногидронимниң қойылыў тарийхы, себеплери бар. Мысалы, Қоңырат районындағы «Ашамайлы көпир» этногидроними. Бул ҳаққында тарийхый әдебиятларда: «Ашамайлы көпир – қаланың ортасында орналасқан ең ески көпир. XVII – XIX әсирлер естелиги, Ханжапқа салынған ески көпирлерден бири. Оның булай аталыўының себеби Қоңырат районынан 7 км батыста Ашамайлы аўылы жайласқан. Ол аўылдың үстинен ҳәм көпирден Үстирт арқалы Қазақстан, Волга бойларына баратуғын жол Қоңырат қаласынан өткен» [3].

Демек, Қарақалпақстанның арқа районлары этногидронимлери бул жердеги халықтың тарийхый, мәдений, руўхый раўажланыўын да көрсетеди, сол аймақтың этногеографиясы, тарийхы ҳаққында да бийтәкирар мағлыўматларды береди. Солай екен, этнонимлер (миллет, халық, қәўим, руў, тийре атамалары) гидронимнен алдын пайда болған. Себеби, суў объектлериниң тәбийий түрде пайда болғанларына да (ой, шуқыр, көл т.б.) ҳәм инсан қолы арқалы жаратылғанларына да (жап, канал, салма, бөгет, қудық, көпир т.б.) атамалар халық тәрепинен қойылған.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәр қандай гидронимниң аталыўында қарақалпақ халқының сөз таңлаў, атама қойыў тапқырлығы, терең зейни, жоқары руўхый мәденияты сәўлеленген. Гидронимлердиң қурамындағы ушырасатуғын этнонимлер Қарақалпақстанның арқа районларында ерте дәўирлерден – ақ қайсы қәўим, руў ҳәм тийрелердиң, қайсы миллет ўәкиллериниң отырықшы түрде күн - көрис, турмыс кешириўин өтмиш дереклери менен ушластырады.

**Әдебиятлар**

1. Гарипова Ф.Г. Исследования по гидронимии Татарстана. –Москва: «Наука», 1991. – С.74.
2. Гатауллин Р.Р. Историко-лингвистическое описание тюрко-татарской топонимии Южного Урала и Зауралья. – Казань: 2012, АКД. – С.22.
3. Есбергенов Х. Қоңырат. Тарийхый ҳәм мәдений естеликлери. -Нөкис: «Билим», 1993. 27-б.
4. Халитов Р.Я. – Гидронимия Оренбуржья. АКД. - УФА: 2012.- С.11.
5. Керимбаев Е.А. Этнокультурные основы номинации и функционирования казахских собственных имён. Автореф.дисс.на соик ст.доктор.фил.наук. – Алма ата: 1992. – С.9.
6. Мамбетов К. Қарақалпақлар тарийхынан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. 106-б.
7. Отажонова А.Н. Хорезм этнотопонимлари ва уларнинг луғавий асослари. Фил.фан.номз.ил.дар.ол.уч. тақд.эт.дисс. – Тошкент: 1997. 65-б.
8. Отажонова А.Н. Хорезм этнотопонимлари ва уларнинг луғавий асослари. Фил.фан.номз.ил.дар.ол.уч. тақд.эт.дисс. – Тошкент: 1997. 67-б.
9. Сейтниязов К.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии. Канд.дисс. – Ташкент: 1993. - С.106.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ тилидаги баъзи этногидронимлар ҳақида фикр юритилган. Мақолада Қорақалпоғистоннинг шимолий туманлари этногидронимлари таҳлил этилган. Этногидронимлар 3 гуруҳга бўлиб ўрганилган, улар мисоллар орқали изоҳланган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье проанализированы некоторые этногидронимы, используемые в каракалпакском языке. В качестве примера взяты этногидронимы северных районов Каракалпакстана. На основе анализа примеров выделяются три группы этногидронимов.

**SUMMARY**

Some ethnohydronyms used in Karakalpak language are analyzed in the article. On the basis of the analysis of examples – ethnohydronyms of the northern regions of Karakalpakstan they are divided into three groups.